

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kamekaran jaman dina widang kahirupan masarakat miboga pangaruh kana nurunna pamaké, nu miara jeung kamekaran aksara Sunda. Aksara Sunda nyaéta hasil karya ortografi masyarakat Sunda anu perjalanan sajarahna ti mimiti abad ka-5 M nepi ka ayeuna. Ku kituna, ieu aksara butuh dimumulé tur dimekarkeun (Baidillah, Darsa, & Abdurahman, spk. 2008). *Peraturan Daerah Provinsi Jawa Barat Nomor 14 Tahun 2014 Tentang Perubahan Atas Peraturan Daerah Provinsi Jawa Barat Nomor 5 Tahun 2003 Tentang Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daerah* (Pemerintah Provinsi Jawa Barat, 2014). Aksara Sunda geus disosialisasikeun Pamaréntah Provinsi Jawa Barat anu ditandaan ku pamasangan Aksara Sunda dina plang ngaran jalan disawatara jalan. Aksara Sunda anu ngawengku tina 30 hurup, anu diwangun ku 7 hurup vokal mandiri jeung 25 hurup konsonan (ngalagena). Di jaman ayeuna Aksara Sunda bakal kapopohokeun saupama teu dimumulé ku urang salaku urang Sundana sorangan (Yuliyanti, Fauzi & Citra 2022).

Aksara Sunda mangrupa hurup silabik (suku kata), sabab cara nyusun pikeun ngabentuk hiji kecap atawa kalimah téh béda jeung dina hurup latén. Dina aksara Sunda mah pikeun nyusun hiji kecap atawa kalimah téh ampir sok maké bantuan rarangkén atawa simbul-simbul pikeun jadi wangun kecap/kalimah (Sahbana & Murtako, 2016).

Tina data *UNESCO* aya 0,001% masarakat Indonesia nu miboga minat maca. Ku kituna, tina 1000 jalma di Indonésia, ngan aya saurang anu resep jeung aktif maca. Lian ti éta, dumasar *survei* anu dilaksanakeun ku *Program of International Student Assessment* (PISA) di taun 2019, minat maca Indonésia aya diruntuyan ka-62 ti 70 nagara. Ku ayana éta hal bati Indonésia asup dina bagian 10 nagara anu miboga tingkat literasina masih kénéh handap diantara nagara-nagara nu séjénna (Tambusay & Harefa, 2023). Ku kituna, ieu panalungtikan museur kana ngaronjatkeun kamampuh maca siswa, hususna dina aksara Sunda. Kaparigelan

maca kaasup penting pikeun kamekaran atikan, sabab perséntase *transfer* élmu pangaweruh loba dilaksanakeun ngaliwatan maca (Rahman & Haryanto, 2014).

Pangajaran aksara Sunda kurang dipikawanoh ku siswa, ku kituna pangajaran aksara Sunda kudu leuwih ditingkatkeun sangkan bisa ngahontal tujuan anu geus ditetepkeun (Farid, Rahman & Kuswari, 2019). Ieu matéri aksara Sunda téh diajarkeun luyu jeung kurikulum merdéka anu dipaké, dina kurikulum merdéka taun 2023 yén aksara Sunda kaasup kana matéri anu kudu ditepikeun di sakola SMA/MA/MAK kelas X kalawan *Capaian Pembelajaran* di handap.

Peserta didik mampu membaca, menulis, dan mengkreasikan beragam teks yang menggunakan aksara Sunda (Dinas Pendidikan Prov Jabar, 2022).

Mata pelajaran basa Sunda anu dijerona ngawengku ayana matéri aksara Sunda, jadi salah sahiji pasualan anu karandapan nalika aya di tingkatan sakola SMA. Ieu matéri téh mangrupa matéri nu kawilang hésé, sabab di jaman ayeuna geus jarang dipaké (Rahmawati, Hidayat & Mubarok, 2021). Tapi siswa angger kudu maham sangkan bisa nuntaskeun matéri anu geus aya dina rancangan matéri diajarna. Éta hal sajalan jeung anu ditepikeun ku guru basa Sunda SMA Negeri 2 Bandung, yén aksara Sunda téh kaasup kana matéri anu hésé, ku sabab teu sakabéh siswa nalika di SMP diajarkeun aksara Sunda. Média anu dipaké ogé masih konvensional (Iman, 2024).

Ku ayana masalah dina héséna maca aksara Sunda ieu téh, bakal ngahasilkeun hiji média nu dianggap éféktif pikeun ngungkulan masalah. Dina ngajarkeun matéri aksara Sunda biasana guru téh ngan nyontoan kumaha nulis aksara Sunda di papan tulis, tuluy dibaca jeung ngawanohkeun aksara Sunda sapaliwat baé, jadi biasana bakal saeutik siswa anu maham tur bisa dina maca aksara Sunda. Ku ayana média pangajaran *wordwall* bakal mantuan siswa dina ngungkulan pasualan anu karandapan, sangkan matéri aksara Sunda téh bisa kacangking ku siswa ngaliwatan média pangajaran anu pikaresepeun jeung kréatif. Jadi dina média pangajaran *wordwall* téh bakal ngawanohkeun aksara Sunda ngaliwatan gambar, pikeun ngawanohkeun hurup-hurup aksara Sunda, tuluy dilarapkeun kana bentuk kalimah basajan. Dibantuan ku audio pikeun *clue game* atawa katerangan kalimahna. Anapon nu jadi watesan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta nu kahiji, dina ieu panalungtikan museur kana kamampuh

maca aksara Sunda. Watesan kadua, kamampuh maca anu bakal dironjatkeun téh ngeunaan kalimah basajan dina aksara Sunda. Watesan katilu, data jeung sumber data anu bakal ditalungtik nyaéta kamampuh maca kalimah basajan siswa kelas X-C SMA Negeri 2 Bandung Semester Genap Taun Ajar 2023/2024.

Kaonjoyan tina média pangajaran *wordwall* téh réa *game* digital nu bisa dipatalikeun kana matéri pangajaran jaman kiwari, numuwuhkeun minat siswa pikeun diajar ku sabab maké média *game*, bisa méré ruang pikeun siswa leuwih aktif dina pangajaran, sangkan ngamekarkeun poténsi siswa, sarta nyieun suasana diajar leuwih ngirut (Sahanata, Asiani, Syahputri & Pradani, 2022).

Aya sawatara panalungtikan anu kungsi dilaksanakeun pakait jeung média pangajaran dina aksara Sunda saméméhna, diantaranya panalungtikan Sudarmansyah (2014) anu judulna “*Média Strip Story* dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda: Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas X Sainték 1 SMA Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajar 2013/2014”. Sasaruuan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun téh ngeunaan pangajaran aksara Sunda. Bédana jeung panalungtikan anu dilaksanakeun téh pangajaran aksara Sunda anu dipuseurkeun kana kamampuh maca siswa. Ieu panalungtikan ogé, geus ditalungtik ku Apriani (2016) anu judulna “*Pengaruh Metode Iqra Dalam Pelajaran Membaca Aksara Sunda Terhadap Kemampuan Menulis Aksara Sunda*”. Sasaruuan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun téh ngeunaan pangajaran aksara Sunda. Bédana jeung panalungtikan anu dilaksanakeun téh dipuseurkeun dina pangajaran maca aksara Sunda. Satuluyna, aya ogé panalungtikan ku Aditjar (2016) anu judulna “*Média Game Flash Dalam Pembelajaran Membaca Aksara Sunda siswa kelas V-A SD Laboratorium Percontohan UPI tahun ajaran 2015/2016*”. Sasaruuan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun téh dina pangajaran maca aksara Sunda jeung makéna média dina wangun *game*. Bédana jeung panalungtikan anu dilaksanakeun téh dina sumber datana pikeun kelas X SMA. Aya ogé panalungtikan ku Farid, Rahman jeung Kuswari (2019) anu judulna “*Teknik Permainan Kartu Memo dalam Pembelajaran Aksara Sunda siswa kelas VII-A SMPN 2 Lembang tahun ajaran 2018/2019*”. Sasaruuan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun téh dina pangajaran aksara Sunda. Bédana jeung panalungtikan anu dilaksanakeun téh puseur panalungtikanna dina maca. Lian ti éta, aya ogé

panalungtikan ku Istiqomah (2023) anu judulna “Média *Wordwall* dina Pangajaran Nulis Sisindiran : Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-A di SMP Negeri 19 Bandung Taun Ajar 2022/2023”. Sasaruana jeung panalungtikan anu dilaksanakeun téh tina média *wordwall* anu dipakéna. Bédana jeung panalungtikan anu dilaksanakeun téh dina matéri pangajaran aksara Sunda.

Tina panalungtikan saméméhna anu geus dipedar di luhur téh, sasaruana aya dina pangajaran aksara Sunda. Bédana jeung panalungtikan anu dilaksanakeun nyaéta ayana média *wordwall*, anu bakal dipaké dina pangajaran basa Sunda. Hususna matéri aksara Sunda pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca kalimah basajan di kelas X-C SMA Negeri 2 Bandung Semester Genap Taun Ajar 2023/2024.

Dumasar panalungtikan saméméhna, média *wordwall* dina pangajaran maca aksara Sunda can aya nu nalungtik. Ku kituna, “Média *Wordwall* dina Pangajaran Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-C di SMA Negeri 2 Bandung Semester Genap Taun Ajar 2023/2024)” perlu ditalungtik pikeun ngungkulan masalah dina kamampuh maca siswa. Ku sabab, rata-rata panalungtikan anu geus dilaksanakeun téh pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis dina aksara Sunda, can aya anu nalungtik média pangajaran anu bentukna digital, pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca siswa. Ku ayana fitur *game* anu loba dina *wordwall* ieu téh, ngajadikeun ayana tilu *game* anu bakal dilarapkeun nalika *treatment* dilaksanakeun di kelas X-C nyaéta, *kuis gameshow*, *find the match*, jeung *open the box*. Tilu *game* ieu bakal dilibetkeun dina prosés *treatment* maké média pangajaran *wordwall*, sangkan nalika dilaksanakeun pangajaran téh teu bosen lamun loba variasi *game* anu dipakéna.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan aya dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas X-C SMA Negeri 2 Bandung Semester Genap Taun Ajar 2023/2024 dina maca kalimah basajan aksara Sunda saméméh maké média *wordwall*?

- 2) Kumaha kamampuh siswa kelas X-C SMA Negeri 2 Bandung Semester Genap Taun Ajar 2023/2024 dina maca kalimah basajan aksara Sunda sanggeus maké média *wordwall*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan atawa henteu antara kamampuh siswa kelas X-C SMA Negeri 2 Bandung Semester Genap Taun Ajar 2023/2024 dina maca kalimah basajan aksara Sunda saméméh jeung sanggeus maké média *wordwall*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngawengku dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Pikeun méré solusi dina nyanghareupan masalah ngeunaan ngaronjatkeun cara diajar anu leuwih variatif dina mata pelajaran basa Sunda, hususna dina ngajarkeun matéri aksara Sunda. Ku kituna, siswa bisa leuwih gampang mahan kana matéri aksara Sunda anu rata-rata siswa ngarasa hésé kana éta matéri. Tujuan ieu panalungtikan téh pikeun nguji média pangajaran *wordwall*, dina ngaronjatkeun kamampuh maca kalimah basajan aksara Sunda siswa kelas X-C di SMA Negeri 2 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun ieu di handap.

- 1) Kamampuh siswa kelas X-C SMA Negeri 2 Bandung Semester Genap Taun Ajar 2023/2024 dina maca kalimah basajan aksara Sunda saméméh maké média *wordwall*.
- 2) Kamampuh siswa kelas X-C SMA Negeri 2 Bandung Semester Genap Taun Ajar 2023/2024 dina maca kalimah basajan aksara Sunda sanggeus maké média *wordwall*.
- 3) Aya béda anu signifikan atawa henteu antara kamampuh siswa kelas X-C SMA Negeri 2 Bandung Semester Genap Taun Ajar 2023/2024 dina maca

kalimah basajan aksara Sunda saméméh jeung sanggeus maké média *wordwall*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan miboga dua mangpaat nyaéta mangpaat téorétis jeung praktis.

1.4.1 Mangpaat Téorétis

Dina mangpaat sacara téoritis, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun salah sahiji tarékah pikeun mekarkeun élmu pangaweruh, salaku sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna anu maké média *wordwall* dina maca aksara Sunda. Ieu hasil panalungtikan, dipiharep bisa jadi salah sahiji inovasi anyar pikeun guru nalika nepikeun matéri maca aksara Sunda. Lian ti éta, dipaharep ogé kamampuh siswa dina maca aksara Sunda bisa ngaronjat.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan téh saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun guru apal kana cara ngajar anu éféktif dina pangajaran maca aksara Sunda.
- 2) Pikeun jadi solusi siswa dina nyangking pangajaran maca aksara Sunda sangkan leuwih gampang jeung teu pikaboseneun.
- 3) Pikeun mikanyaho sakumaha éféktifna média pangajaran *wordwall* nalika dilarapkeun ku guru jeung dipaké ku siswana.

1.5 Raraga Skripsi

Ieu skripsi téh eusina ngawengku lima bab. Anapon ieu pedaranna di handap.

BAB I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga skripsi.

BAB II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, Raraga Mikir, jeung Hipotésis. Eusina ngeunaan tiori-tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan diantaranya média pangajaran, pangajaran maca aksara Sunda, média *wordwall* dina pangajaran maca aksara Sunda. Lian ti kitu, ogé dipedar ngeunaan

panalungtikan saméméhna nu aya patalina kana panalungtikan nu dilaksanakeun, raraga mikir, jeung hipotésis.

BAB III Métoeu Panalungtikan, ngawengku métoeu jeung desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung téknik nganalisis data. Dina ieu panalungtikan pamarekan anu dipaké nyaéta pamarekan kuantitatif kalawan métoeu kuasi ékspérimén.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan déskripsi jeung analisis data hasil kamampuh siswa dina maca kalimah basajan aksara Sunda saméméh maké média *wordwall*, kamampuh siswa dina maca kalimah basajan aksara Sunda sanggeus maké média *wordwall*, jeung aya béda anu signifikan atawa henteu tina saméméh jeung sanggeus maké média *wordwall*.

BAB V Kacindekan, Rékoméndasi, Implikasi, eusina ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, rékomendasi kana ieu panalungtikan, jeung implikasi.